

Apèsi sou Lekòl Literacy Pittsburgh

Kesyon	Men repons kesyon sa a si w ap tann yon klas.	Men repons kesyon sa a si w ap tann yon titè volontè.
Ki jou ak ki lè m ap aprann?	Klas yo se Lendi jiska Jedi maten, apremidi ak swa. Klas yo reyini de fwa pa semèn pandan 2 èdtan chak fwa, swa Lendi ak Mèkredi OSWA Madi ak Jedi. Nou gen klas an pèsòn ak klas sou òdinatè.	Ou menm ak titè ou a ap deside ki kote ak ki lè n ap rankontre. Nou dwe rankontre de fwa pa semèn pandan 2 èdtan chak fwa. Nou dwe rankontre nan yon kote piblik oswa sou òdinatè a. Ou pa ka rankontre ak yon titè lakay ou.
Kilè pou m kòmanse?	Kou yo ap kòmanse an janvye, avril, jiyè ak oktòb. N ap fè tout sa nou kapab pou akomode w nan pwochen trimès la. Sa ap depann de nivo w ak disponiblite w.	Nou pral kòmanse chèche yon titè pou ou kounye a, men gen yon lis datant. Pifò elèv jwenn yon titè apre 2-3 mwa datant, men li ka pi long oswa pi kout.
Ki sa ki règleman prezans lan?	Gen yon lis datant ki long. Pou rantre nan klas la, ou dwe prepare pou konsakre 4 èdtan pa semèn. Ou oblije ale nan 75% nan klas yo. Si ou rate plis pase sa, ou ap pèdi plas ou nan klas la.	Gen yon lis datant ki long. Ou dwe prepare pou angaje w 4 èdtan pa semèn. Si ou pa vini nan klas epi ou pa avize titè w la davans de fwa pa mwa, y ap bay plas ou a bay yon lòt elèv ki sou lis datant lan.
E si m pa ka vin nan klas la?	Ou dwe ale nan chak klas oubyen di pwofesè w la poukisa ou pa ka ale. Si ou pa ka ale nan klas ou a, tanpri avèti pwofesè w la ANVAN klas la kòmanse. Pwofesè w la ap di w kijan pou w kontakte yo..	Ou dwe ale nan chak klas oubyen di pwofesè w la poukisa ou pa ka ale. Si ou pa ka ale nan klas ou a, tanpri avèti titè w la omwen 2 èdtan ANVAN klas la kòmanse. Pwofesè w la ap di w kijan pou w kontakte l.

Kesyon	Men repons kesyon an pou tout elèv yo
Kijan m ka konnen ki lè klas mwen an ap kòmanse?	N ap voye yon mesaj tèks ak yon imèl ba ou lè nou gen yon klas ki disponib. Tout imèl yo ap gen "Literacy Pittsburgh" nan sijè a. Tout mesaj tèks yo ap kòmanse ak "This is Literacy Pittsburgh." Tanpri chèche mesaj sa yo epi li yo ak anpil atansyon!
Èske ou ofri sèvis gadri timoun?	Non. Nou pa bay sèvis gadri pou okenn reyinyon oswa klas an pèsòn. Ou ap bezwen jwenn yon moun pou siveye pitit ou yo. Nou ofri tou klas sou entènèt pou ou ka rete lakay ou ak pitit ou yo si sa nesesè.
E si m bezwen èd?	Nou ka ede elèv nou yo! Nou gen konseye karyè ki ka ede w jwenn yon travay, epi nou gen kowòdonatè sèvis elèv ki ka ede w ak lòt pwoblèm, tankou manje, lojman, oswa bezwen gadri. Ou ka mande èd sou pòtal elèv nou an nan seksyon "travay" ak "sipò elèv". www.LPstudent.com
Ak ki moun mwen ta dwe kontakte si mwen gen kesyon?	Non kowòdinatè ou a se _____ Nimewo telefòn yo se _____ Adrès imel yo se _____